



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI OTORIZE MANDA SIVEYANS POU KONBA ZANNIMO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon lejislasyon ki gen ladan konba zannimo kòm yon enfraksyon yo gen dwa bay manda ekout oswa siveyans pa videyo kont li.

“Se yon krim ki patikilyèman mechan ak abominab, epi nou dwe sèvi avèk tout zouti nou genyen pou elimine zak meprizab sa yo yon fwa pou tout”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lejislasyon sa a pral bay lapolis nouvo pouvwa pou li pran mezi estrik kont katèl sa yo, pwoteje zannimo yo kont danje ak mennen kriminèl sa yo devan lajistis.”

Konba zannimo souvan egzije pou plizyè moun ap aji men nan men, gras a telefòn ak aparèy kominikasyon sou entènèt. Kounye a, investigasyon sou aktivite konba zannimo yo poko kalifye lapolis pou li resevwa manda pou fè siveyans elektwonik.

Lejislasyon sa a (A2806/S611) otorize bay manda ekout ak siveyans pa videyo pou investigasyon sou krim konba zannimo pou ofri lapolis yon zouti enpòtan ak itil nan lentansyon mete yon fen nan krim terib sa a ak fèmèn moun ki vyole lwa Eta a.

Senatè Phil Boyle te di, “Konba zannimo alimante kèk nan antrepriz ki pi vyolan yo ki kowonp katye nou yo, epi anpil moun pa t konnen konba zannimo pa t elijib pou mande pou fè siveyans elektwonik. Apa lyen syans sosyal la ki byen tabli ant vyolans kont zannimo ak vyolans kont moun, lapolis toupatou nan eta a wè avèk je pa li jan investigasyon ak pouswit enèjik konba zannimo ekspoze rezo ganstè, katèl nakotik, aktivite trafik zam, ak lòt antrepriz kriminèl sofistike ak vyolan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pou fè mezi sa a tounen lwa.”

Manm Asanble Charles D. Lavine te di, “Yo dwe kenbe pou responsab moun k ap pwofite konba zannimo mechan yo nan tout mezi lalwa pèmèt, epi kòm krim nan depann de rezo òganize, itilizasyon tab ekout ak videyo siveyans absoliman nesèsè pou pwoteje piblik la. Lejislasyon sa a pral ede mete yon fen nan pratik sovaj sa a, epi nou dwe apresye anpil dèske Gouvènè Cuomo ap pwomilge lwa sa a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418